

## Si Ou Genyen yon Enkyetid oswa...



### **Depatman Timoun ak Fanmi Liy Dirèk pou rele pou Abi 1-800-96-ABUSE**

Pou rapòte abi, neglijanans oswa eksplwatasyon, tanpri rele gratis nan 1-800-962-2873. Liy Dirèk pou Abi mennen ankèt sou akizasyon pou abi fizik, abi seksyèl ak abi mantal, neglijanans ak eksplwatasyon moun ki sansib.

### **Depatman Leta pou Afè Granmoun Aje Liy Dirèk Medyatè pou Swen Alontèm 1-888-831-0404**

Pou pale avèk yon pati deyò konsènan enkyetid oswa diskriminasyon nan yon sant medikal alontèm oswa yon transfè oswa yon egzeyat ki pa apwopriye nan yon mezon retrèt, tanpri kontakte Pwogram Medyatè pou Swen Alontèm nan nimewo 1-888-831-0404 pou rele gratis pou jwenn asistans yon avoka volontè.

### **Ajans pou Liy Dirèk pou Pote Plent nan Administrasyon Swen Sante (AHCA) 1-888-419-3456**

Pou pote plent konsènan sèvis ou resevwa yo, tanpri rele gratis nan nimewo 1-888-419-3456 (peze Bouton 1), oswa ale sou sit wèb [ahca.myflorida.com/Contact/call\\_center.shtml](http://ahca.myflorida.com/Contact/call_center.shtml). Si ou enkyetid ou yo reprezante yon posib vyolasyon règleman an, Ajans lan ap fè yon enspeksyon konsènan plent lan.

## **Andikap Dwa Florid**

**1-800-342-0823**

Pou fè konnen yon anplwaye ki nan yon sant medikal pa fè adaptasyon rezonab pou satisfè bezwen espesifik oswa pou fè konnen anplwaye a pratike diskriminasyon kont ou akòz yon andikap ou genyen, tanpri rele gratis nan nimewo 1-800-342-0823.

## **Biwo Entegrite Pwogram Medicaid**

**1-866-966-7226**

Entegrite Pwogram Medicaid fè odit ak ankèt sou founisè yo sispèk ki reklame twòp lajan pou pwogram Medicaid Leta Florid oswa ki fè mètdam nan pwogram lan. Si ou panse yo te fè ou peye pou sèvis Medicaid ta dwe peye, oswa si yon moun te voye bòdwo ba Medicaid pou sèvis li pa t bay, inite sa a ap mennen ankèt sou pratik faktirasyon Medicaid pou detèmine si pratik yo te apwopriye. Pou pote plent, tanpri rele gratis nan 1-888-419-3456, oswa ale sou sit wèb [ahca.myflorida.com/Executive/Inspector\\_General/medicaid.shtml](http://ahca.myflorida.com/Executive/Inspector_General/medicaid.shtml).

## **Inite Kontwòl Fwod nan Medicaid**

**1-866-966-7226**

Fwod nan Medicaid vle di yon desepsyon volontè oswa yon deklarasyon ki pa egzat yon founisè swen medikal fè kote li konnen desepsyon an ta kapab lakòz li resevwa benefis ki pa otorize pou li menm oswa yon lòt moun jwenn. Sa genyen ladan nenpòt zak ki reprezante fwod dapre lalwa federal oswa lalwa leta ki anvigè jan sa asosye ak Medicaid. Pou rapòte fwod ou sispèk nan zafè Medicaid, tanpri rele Pwokirè Jeneral la gratis nan nimewo 1-866-966-7226.

Dapre lalwa eta Florid, ou kapab gen dwa pou resevwa yon rekonpans paske ou bay enfòmasyon apre yo fin fè peye yon amann, bay sanksyon, oswa sezi byen nan yon dosye kriminel. Kantite lajan rekonpans lan ka rive jiska 25 pousan kantite lajan yo rekipere a, oswa yon maksimòm \$500,000 pou chak dosye.

Moun ki rele yo kapab mande pou yo pa site non yo.

Nou otorize ak ankouraje diplikata afich sa a. Pou jwenn yon kopi, ale nan sit wèb <http://ahca.myflorida.com/publications/Publications.shtml> epi klike sou "Hotline Poster" anba Lyen Nursing Home (Mezon Retrèt). Afich sa a respekte kondisyon pou afiche pou AHCA ki kontwole founisè yo nan Lwa Jeneral Leta Florid 400.141 ak 408.810.